

1. Sajak anu diajangkeun pikeun dikawihkeun disebutna

- A. rumpaka kawih
- B. rumpaka lagu
- C. rumpaka tembang
- D. rumpaka sisindiran

Titénan téks kawih pikeun ngajawab nomer 2 nepi ka nomer 4!

CINTA NUSA

Indonesia gemah ripah lohjinawi

Alam éndah héjo lémbok sugih mukti

Subur tutuwuhan beunghar pepelakan

Daun héjo ngémploh karaharjan lemah cai

Kakayon tumuwuh subur

pajangkung-jangkung

Petétan ngawujud sirung pagulung-gulung

Piraku rék réla piraku rék téga

Alam nu ngémploh héjo

Pinarengan ngarangrangan, teu kariksa

2. Ceuk kawih "Cinta Nusa", kaayaan Indonesia téh nyaéta

- A. gemah ripah
- B. sugih mukti
- C. héjo ngémploh
- D. balangsak

3. Eusi kawih "Cinta Nusa" nyaéta ngeunaan

- A. pahlawan
- B. kaayaan alam
- C. bangsa indonesia
- D. perjuangan

4. Jumlah engang jeung sora tungtung dina padalisan katilu nyaéta

- A. 12-i
- B. 12-u
- C. 13-i
- D. 12-a

5. "Masyarakat dina kaayaan beunghar tur hirup senang." Babasan anu keuna keur éta kalimah nyaéta

- A. répéh rapih
- B. sugih mukti
- C. malarat rosa
- D. kokoro nyoso

6. Anu henteu kaasup kana mangpaat kakayon, nyaéta

- A. sumber kahirupan
- B. ngajaga urug (longsor)
- C. ngajaga caah (banjir)
- D. ngagarap tanah

7. Sora anu sarua dina jajaran atawa antarjajaran kawih disebutna

- A. gaya basa
- B. pilihan kecap
- C. purwakanti
- D. wirahma

8. Ieu di handap anu henteu kaasup kana istilah geografi, nyaéta

- A. pasir
- B. lamping
- C. langit
- D. leuwi

9. Kecap anu merenah keur ngalengkepan kalimah : "Dudi ... waktu sukuna titajong kana batu seukeut."

- A. patinggorowok
B. gogorowokan
C. ngagorowok
D. garawak-gorowok

10. Saméméh mondok, Wati sok ... heula.

- A. maca
B. babacaan
C. bucu-baca
D. macaan

11. Titénan kalimah di handap ieu kalayan taliti!

No.	Kalimah
1	Néni keur metik kembang di buruan
2	Tatangkalan héjo ngémploh
3	Bahaya gunung urug
4	Padataran banjir

Kalimah anu ngandung istilah geografi ditunjukkeun ku nomer

- A. 1 jeung 3
B. 1 jeung 2
C. 1 jeung 4
D. 3 jeung 4

12. Titénan kalimah di handap!

tatangkalan	héjo ngémploh
J	C

Kalimah anu caritaannana mangrupa kecap kaayaan atawa kecap sipat disebut

- A. kalimah kaayaan
B. kalimah pasif
C. kalimah aktif
D. kalimah geografi

13. Titénan kalimah di handap ieu kalayan taliti!

No.	Kalimah
1	Pare di sawah keur sedeng beukah
2	Tatangkalan héjo ngémploh
3	Gedang téh keur gumading
4	Kang Jaka keur ngala buah

Dumasar kana tabél, anu kaasup kana kalimah kaayaan ditunjukkeun ku nomer

- A. 1 jeung 3
B. 1 jeung 2
C. 1 jeung 4
D. 3 jeung 4

Titénan téks sajak pikeun ngajawab nomer 14 ne ka nomer 16 kalayan taliti!

Lembur Kuring

Karya : Gilang

Éndah pisan lembur kuring

Disawang tikaanggalan

Biru paul pagunungan

Kasimbutan ku halimun

Pasawahan upluk-aplak
Patani keur barang pelak
Saban poé ngucur késang
Engké panén bakal senang

14. Kaayaan pasawahan ceuk dina sajak Lembur Kuring nyaéta

- A. upluk-aplak
- B. heureut
- C. lega
- D. biru paul

15. Jumlah engang dina padalisan kahiji nyaéta

- A. 6
- B. 7
- C. 8
- D. 9

16. Jumlah padalasina dina pada anu kadua nyaéta

- A. 3
- B. 4
- C. 5
- D. 6

17. Titénan kecap di handap ieu!

- 1) Suasana
- 2) Wirahma
- 3) Jejer
- 4) Baju
- 5) Rasa

Dumasar kecap di luhu, anu kaasup kana unsur-unsur sajak nyaéta nomer

- A. 1,2, jeung 3
- B. 1,3, jeung 5
- C. 2,3, jeung 4
- D. 1,2, jeung 4

Ilo sajak ieu kalayan taliti!

Cahaya panon poé
Nyaangan kana ati
Hiliwirna angina
Mawa tiis kana ati
Tatangkalan ting garupay
Nambah éndahna alam
Lemah cai negeri nu can ku polusi
Alam éndah nu merenah
Ulah nepika punah
Ku urang kudu di pusti
Supaya tetep lestari

18. Jejer dina sajak di luhur nyaéta ngeunaan

- A. lelemburan
- B. tangkalan
- C. hawa angina
- D. kaéndahan alam

19. Rasa anu bener dina macakeun sajak di luhur nyaéta

- A. sedih
- B. bungah
- C. ambek
- D. deudeuh

20. Harti konotatif nyaéta harti kecap anu teu langsung atawa injeuman. Kalimah anu ngandung harti kootatif nyaéta

- A. Isuk-isuk Bah Udung masih *diharudum* ku sarung.
- B. Jelema the *heuras genggerong* da ngomongna kasar.
- C. Néng Wati keur *ngahariring* kawih sunda.
- D. Nég Sari neutep *béntang* di langit.

21. Titénan kalimah di handap ieukalayan taliti!

No.	Kalimah
1	Risma téh jadi <i>béntang</i> kelas.
2	Téh Nina keur metik <i>kembang</i> .
3	Manuk-manuk <i>ngahariring</i> .
4	Kuring dahar jeung <i>haté</i> hayam.

Dumasar kana tabel, anu ngandung harti dénotatif ditunjukkeun ku nomer

- A. 1 jeung 3
- B. 2 jeung 4
- C. 1 jeung 4
- D. 3 jeung 4

22. Koran sunda keur ... ku bapa.

Kecap rékaan anu merenahpikeun ngalengkepan kalimah nyaéta

- A. maca
- B. macaan
- C. dibaca
- D. bacaan

Baca pedaran di handap ieu sing taliti pikeun ngajawab nomer 23 jeung 24!

Kupat

Kupat ilaharna kapanggih dina waktu lebaran, boh lebaran Idul Fitri boh lebaran Idul Adha. Ari di imah hidep unggal lebaran so kaya kupat tara? Ayeuna hidep bakal diajar kumaha carana nyieun kupat. Pikeun nyieun kupat téh diperlukeun bahan-bahan saperti béas, apu seupah jeung janur. Parabotna langsung keur ngulub kupat.

Ari cara nyieun na kieu, janur téa dianyam heula dijieun cangkang kupat. Sanggeus cangkang kupat sayagi, béas diisikan tuluy diuyahan jeung diapuan, digalokeun sing rata. Geus kitu asupkeun kana cangkang kupat, ulah pinuh teuing, cukup satengahna waé. Tidinya kakara dikulub dina langsung, ilana kira-kira sajam satengah dina kopor, atawa sajam dina hawu. Lamun geus asak, jait terus tuuskeun.

23. Bahan-bahan anu diperukeun pikeun nyieun kupat nyaéta

- A. béas, uyah, apu seupah, sampeu
- B. gula, apu seupah, janur, béas
- C. béas, apu seupah, uyah, janur
- D. béas, gula, sampeu, janur

24. Dumasar kana téks pedaran, cara nyieun kupat saméméh dikulub, béas nu meunang ngisikan sok ditambahan

- A. uyah jeung pécin
- B. pécin jeung gula
- C. gula jeung apu
- D. uyah jeung apu

25. Baca pedaran ieu di handap sing tatlit!

Cau dipesék cangkangna, tuluy disiksik ka panjangna sing aripis. Lamun rék nyieun nu asin, cau beunang nyiksikan, dikeueuman kana ci uyah. Antepkeun sakeudeung ngarah ci uyah nyerep kakara digoréng. Tapi lamun rék nyieun nu amis, cau beunang nyiksikan digoréng nepi ka asak. Geus kitu, galokeun kana ci gula.

Ngaran kadaharan anu saluyu jeung pedaran nyaéta

- A. kiripik sampeu
- B. kiripik cau
- C. kiripik kentang
- D. kiripik taleus

26. Titénan ngaran kadaharan!

- 1) Kicimpring
- 2) Karédok
- 3) Kimchi
- 4) Kiripik
- 5) Gegetuk

Anu kaasup kana kadaharan ti tatar sunda nyaéta nomer

- A. 1,2, jeung 4
- B. 1,3, jeung 5
- C. 2,3, jeung 4
- D. 2,3, jeung 4

27. Titénan gambar sing tenget!



Dumasar kana gambar, ngaran kadaharan sunda anu saluyu jeung gambar, nyaéta

- A. karédok
- B. comro
- C. kicimpring
- D. gegetuk

28. Baca pedaran di handap ieu sing taliti!

Karédok téh kagolog kadaharan has Jawa Barat. Ampir kabéh urang sunda resepeun kana ieu kadaharan. Bahan-bahan anu kudu disayagikeun lamun urang nyieun karédok nyaéta kacang Panjang, bonteng, térong, togé, jeung engkol. Ari samara anu diperlukeun nyaéta goréng suuk atawa sangray suuk, uyah, bawang bodas, bawang bereum, cikur, gula beureum, jeung céngék.

Gambar anu saluyu jeung teks pedaran, nyaéta

A.



B.



C.



D.



29. Cau beunang nyiksikan téh ... dina nyiru.

Kecap anu mereah pikeun ngaengkepan kalimah, nyaéta

A. dikulub

B. dibeuleum

C. dipoé

D. diseupan

30. Lauk mangrupa kadaharan anu loba ngandung gizi. Lauk jaér mangrupikeun sumber protéin jeung lemak anu dilengkepkeun ku rupa-rupa mineral jeung vitamin.

Lauk anu diasakana ku cara dipais disebut

A. goréng lauk

B. pais lauk

C. acar lauk

D. beuleum lauk

Baca carpon ieu kalayan taliti pikeun ngajawab soal nomer 31 nepika nomer 33!

Kahuruan

Geus jadi kabiasaan dina poé Minggu kagiatan Dani nyaéta mantuan aki ka leuweung mulungan tatangkalan anu geus garing pikeun suluh. Pas nepi di tengah leuweung, Dani nempo kebulan haseup anu kacida kandelna nepikeun ka haseup éta warnana abu-abu semu hideung. Pok wé Dani nanya ka akina "Ki, naon itu bet aya haseup mani poék?" Akina nyileuk ka béh tukang, "Dan, horéng itu téh kahuruan, hayu geura mulang!", aki nyekelan leungeun Dani bari gura-giru eumpang rusuh bakat ku sieun bisi seuneu kaburu malébé ngadeukeutan. Teu kungsi lila Dani jeung akin epi ka lembur, tuluy laporan ka Dinas Perhutani yén di tengah leuweung aya kahuruan.

31. Tokoh anu aya dina carpon "Kahuruan" nyaéta

A. Dani jeung akina

B. Dani jeung petugas Perhutani

C. Dani jeung ninina

D. Dani jeung Pa Lurah

32. Latar kajadian dina carpon "Kahuruan" nyaéta

A. di sisi lembur

B. di kebon

C. di tengah leuweung

D. di sawah

33. Dumasar kana carpon, waktu kajadian kahuruan nyaéta

- A. poé Minggu
- B. poé Senén
- C. poé Salasa
- D. poé Rebo

34. Lantaran subuh hujan, isuk-isuk geus dikeput ku

- A. katumbiri
- B.ibun
- C. halimun
- D. panon poé

35. Para pamayang mun rék ngalaut sok ngadagoan heula

Kecap anu merenah pikeun ngalengkepan éta kalimah nyaéta

- A. angina-angin
- B. angin darat
- C. kabar angin
- D. diangin-angin